



Ou DWE reponn tout kesyon yo nèt - tape oswa ekri yon fason ki klè. Byen li egzijans ki genyen nan depoze demann ou antanke yon volontè nan World Trade Center nan dezyèm paj la. Ou dwe bay tout dokiman ki nesesè yo ansanm ak fòm sa ak tout yon lèt konfirmasyon pou Pwogram Sante World Trade Center an.

A. Moun ki Blese an

Siyati: _____ Non : _____ Inisyal dezyèm non: _____

Adrès postal: _____ Liy 2: _____

Vil: _____ Eta: _____ Kod postal : _____ Peyi: _____

Nimewo Telefon Lajounen: _____ Adrès imèl: _____

Nimewo Sekirite sosyal: _____ Dat nesans (MWA/JOU/ANE): _____ Sèks: G F X

Èske ou pale Anglè: Wi Non Si repons ou se non, ki lang ou pale: _____

B. Kote/Lè

Ki dat ou te prezante antanke volontè nan oswa toupre Ground Zero oswa Fresh Kills Landfill (MWA/JOU/ANE): _____

Èske yon ajans volontè oswa yon antite sovtaj te òganize aktivite w yo nan Ground Zero oswa nan vwazinaj li yo oswa nan Fresh Kills Landfill: Wi Non

Si repons ou se Wi, bay non ajans lan oswa antite an: _____

Si repons ou se Non, kiyès ki kapab bay yon deklarasyon pou sipòte patisipasyon w nan sovtaj, rekiperasyon, oswa netwayaj WTC an: _____

C. Kategori ak Degre Blese/Maladi an

Kijan blese/maladi an te fè rive: _____

Bay bon jan deskripsyon sou kategori blese/maladi an, ansanm ak pati nan kò ki blese yo: _____

Èske w kanpe travay regilye w yo pou tèt blese/maladi an: Wi Non Si repons ou an se Wi, ki dat ou te kanpe (MM/DD/YYYY): _____

Si ou kanpe travay regilye w yo, èske w te retounen nan travay: Wi Non Si repons ou an se Wi, ki dat ou te retounen (MM/DD/YYYY): _____

Non Antrepriz Regilye an: _____

Adrès Antrepriz Regilye an: _____

D. Avantaj/Swen Medikal

Èske w te aplike pou avantaj nan Fon Reparasyon pou Víktim 11 Septanm yo: Wi Non

Si repons ou an se Wi, nan ki nivo demann ou an ye: _____

Èske w resevwa oswa ou ap resevwa swen medikal kounyea: Wi Non Èske w bezwen swen medikal kounyea: Wi Non

Non Doktè ki ap bay Swen an: _____

Adrès Doktè a: _____

Si ou te nan yon lopital, bay dat ou te entène an (MWA/JOU/ANE): _____

Non Lopital la: _____

Adrès Lopital a: _____

Èske w te fè depans ak lajan nan pòch ou pou swen medikal nan objektif pou w trete blese/maladi w genyen: Wi Non

Si repons ou an se Wi, ki kantite total depans ou fè ak lajan ki sòti nan pòch ou: \$ _____

Mwen prezante demann reparasyon mwen an pou blese/maladi ki se rezulta travay Volontè mwen te fè nan Ground Zero oswa vwazinaj li yo oswa nan Fresh Kills Landfill, epi pou sipòte demann sa mwen prezante deskripsyon sa ki rive yo nan sa m di pi ba yo:

Siyati Moun ki Blese an (Kandida an)

Dat

Tout moun ki, AK TOUT VOLONTE L, FÈ YON FO DEKLARASYON OSWA REPREZANTASYON yon sitiayson atravè yon deklarasyon, yon ankèt sou, oswa règleman yon demann avantaj oswa yon pèman an konfòmite ak chapit sa nan objektif pou evite fè pèman oswa avantaj sa AP KOUPAB POU YON KRIM EPI AP SIBI MEZI KOTE L AP PEYE AMANN EPI ALE NAN PRIZON.

Enfòmasyon Enpòtan pou Demann Reparasyon Volontè nan World Trade Center Kandida an (Fòm WTCVol-3)

Fon yo disponib pou fè reparasyon pou volontè ki blese oswa andikape yo pandan y ap ede abitan New York yo aprè atak teworis sou World Trade Center an nan dat 11 Septanm 2001. Yo rele fon sa yo New York State World Trade Center Volunteer Fund (Fon pou Volontè World Trade Center yo nan Eta New York la). Komisyon Reparasyon pou Travayè yo nan kad Aksidan Travay nan Eta New York la pral resevwa demann nan men volontè ki soufri maladi oswa blese pandan yo t ap sèvi antanke volontè nan sit World Trade Center an oswa nan Fresh Kills Landfill, epi li pral fè pèman yo gras ak fon an ann konfòmite ak Lwa sou Reparasyon pou Travayè yo nan kad Aksidan Travay la ak règ Komisyon an. Lè w ranpli, siyen epi depoze fòm sa, ou fè yon demann reparasyon devan New York State World Trade Center Volunteer Fund (Fon pou Volontè World Trade Center yo nan Eta New York la).

Tanpri remake avantaj pou tout volontè World Trade Center yo egziste toutotan finansman ki fèt gras ak New York State World Trade Center Volunteer Fund (Fon pou Volontè World Trade Center yo nan Eta New York la) lan toujou la.

Nan objektif pou jistifye demann ou an, soumèt fòm sa ak kopi ki pi ba yo bay Komisyon Reparasyon pou Travayè yo nan kad Aksidan Travay nan Eta New York la:

1. Prèv ou te volontè (lèt konfirmasyon ajans ki te òganize aktivite volontè yo nan dat 11 Septanm lan ann Ground Zero oswa Fresh Kills Landfill; foto, lèt temwayaj, elatriye.).
2. Prèv medikal ki demontre ou te blese oswa malad poutè ou te la antanke volontè nan youn nan sit sa yo.
3. Fòm WTC-12 ki ranpli (Anrejistremen patisipasyon nan operasyon sekou, rekiperasyon, oswa netwayaj yo).
4. Lèt ki demontre yo te asepte w oswa refize w nan Pwogram Sante World Trade Center an. Komisyon an egzije kounyea pou travayè volontè yo depoze yon demann devan Pwogram Sante World Trade Center an anvan yo depoze yon demann devan Komisyon an; lèt avantaj la ki sòti bòkote Pwogram Sante World Trade Center an dwe soumèt ansanm ak WTCVol-3 an.
5. Si ou te soumèt yon demann bay Victim Compensation Fund (Fon Reparasyon pou Victim yo) lan, soumèt lèt konfirmasyon ki pi resan w genyen an, lèt reparasyon, oswa lòt avi sou sitiyasyon demann ou yo.
6. Fòm renonsyasyon WTC HIPAA ki ranpli - wcb.ny.gov/content/main/forms/wtc-hipaa_H.pdf
7. Fòm renonsyasyon pou Victim Compensation Fund (Fon Reparasyon pou Victim yo) lan ki ranpli - wcb.ny.gov/content/main/forms/wtc-vcf_auth_H.pdf

Tanpri konsève tout dokiman yo pou rejis pa w.

Tanpri, fè pwofesyonèl swen sante w la (yo) konnen ou gen yon demann ki annatant ak New York State World Trade Center Volunteer Fund (Fon pou Volontè World Trade Center yo nan Eta New York la) lan ki ap fonksyone anba kontwòl Komisyon Reparasyon pou Travayè yo nan kad Aksidan Travay la epi pou yo voye fakti ak rapò medikal yo bay Komisyon Reparasyon pou Travayè yo nan kad Aksidan Travay Eta New York la ki nan No Insurance Unit lan, PO Box 5205, Binghamton, NY 13902-5205.

Notifikasyon Dapre Lwa sou Pwoteksyon Vi Prive Pèsonèl New York la

(Atik 6-A nan Lwa sou Fonksyonè Piblik yo) ak Lwa Federal sou Vi Prive nan ane 1974 (5 U.S.C. § 552a).

Otorite Komisyon Reparasyon pou Travayè yo nan kad Aksidan Travay la genyen pou egzije kandida yo bay enfòmaysyon pèsonèl, ansanm ak Nimewo Sekirite Sosyal yo sòti nan pouvwa Komisyon an genyen pou lèt ankèt dapre Lwa sou Reparasyon Travayè yo ann kad Aksidan Travay la (WCL) § 20, ak pouvwa administratif li daprè WCL § 142.. Yo kolekte enfòmasyon sa pou ede Komisyon an nan lèt ankèt sou epi administre demann yo nan fason ki pi rapid li kapab la epi pou ede li konsève rejis demann ki presi. Bay nimewo sekirite sosyal ou an se yon bagay volontè. P ap gen okenn sanksyon si ou pa bay nimewo sekirite sosyal ou an nan fòm sa; sa p ap fè yo refize demann ou an oswa redui nan avantaj ou yo. Komisyon an pral pwoteje konfidansyalite tout enfòmasyon pèsonèl ki nan men l yo, pandan l ap kominiye yo sèlman nan kad travay ofisyèl li epi nan konfòmite ak lwa eta ak federal aplikab yo.

AVI HIPAA

Nan objektif pou trete yon demann reparasyon nan kad aksidan travay orijin oswa andikap, WCL13-a(4)(a) ak 12 NYCRR 325-1.3 mande pou pwofesyonèl swen sante yo depoze rapò trètman medikal yo regilyèman devan Komisyon an ak Asirans konpayi asirans lan oswa antrepriz ki bay travay la. Daprè lwa 45 CFR 164.512 la rapò medikal ki obligatwa nan yon kad legal yo pa randre nan restriksyon HIPAA an nan kad komunikasyon enfòmasyon sou sante yo.